



Pozisyon RNDDH sou sitiyasyon kawotik sa nan peyi Dayiti

6 mas 2024

1. Depi 29 fevriye 2024, *G-9 an fanmi e Alye* ak *G-Pèp* fè yon sèl gwoup ki rele *Viv Ansanm*, ki gen nan tèt li Jimmy Cherizier alyas Babekyou kòm Pòt pawòl, mete plizyè komin nan depatman lwès la tèt anba. Bilan sou kantite moun ki mouri ak byen materyèl ki pèdi yo anpil.
2. Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun (RNDDH), k ap obsève vyolans sa yo nan peyi a, kwè se yon devwa pou l alète popilasyon an sou risk ki genyen pou sitiyasyon an vin pi grav si ankenn desizyon pa pran pou reprann kontwòl teritwa ki nan men gang yo.
3. Soti 29 fevriye pou rive 3 mas 2024, plizyè moun mouri اساسين anba bal bandi pami yo 6 polisye ki te nan sou komisarya Bonrepo a ak 2 machann, ki te nan ri Kamo, moun pa rive idantifye yo jiskounya. Pandan menm peryòd sa tou, yo jwenn kadav plizyè moun nan plizyè kote nan depatman lwès la, pami yo, prizonye ki t ap tante sove nan prizon.
4. Anpil moun blese ak bal pami yo 2 polisye S.S ki te afekte nan sou komisarya Bonrepo a ak G.S ki te afekte nan komisarya Ayewopò a. Gen yon bal ki rifle bouch T.C., yon jèn fi ki gen manman li k ap vann nan Fakilte Syanzimèn. D.W, yon etidyan premye ane nan fakilte Agwonmi ak Medsin Veterinè, blese ak yon bal ki rifle zòrèy li.
5. Anpil moun oblije deplase kite kay yo akòz laperèz ak move sant k ap degaje nan plizyè kwen nan kapital la pou y al pran refij nan sant dakèy oubyen kay yon pwòch.
6. Yon lòt bò, bandi yo pwofite kidnape plizyè moun tankou :
 - Jou ki te premye mas 2024 la, bandi ak zam rantre nan prezbitè legliz Sent Àn nan epi kidnape pè Alain Michel. Touswit aprè yo te lage l.
 - Nan dat 5 mas 2024, bandi ak zam rantre nan kay mè yo nan kwadèboukè ki fè pati kongregasyon Sen Jozèf Klini epi ale avèk 3 mè.
7. 29 fevriye 2024, bandi ak zam sakaje Sant Edikasyon Espesyal (CES), yon lekòl pou timoun espesyal, ki twouve li nan riyèl Alèt.
8. 29 fevriye 2024, bandi piye lokal faklite Agwonmi ak Medsin Veterinè (FAMV) an nan Kwadèmisyon epi blese yon etidyan nan zòrèy. Nan menm atak sila a, bandi yo sakaje Ministè agrikilti, resous natirèl ak devlopman riral (MARNDR) ki nan menm espas ak FAMV a.

9. 29 fevriye 2024, Nèg ak zam piye biwo Ofis Nasyonal Asirans Vyeyès (ONA) ki nan zòn Chada.

10. Soti 29 fevriye pou rive 3 mas 2024, bandi nan ba Dèlma sakaje plizyè magazen nan Dèlma 3 ak Dèlma 18 tankou *Stico, Informatek, Nicky Eau Traitée, Confiance Hotel, Determination (moncach, Natcach, dlo trete), konplèks Kay Bab*.

11. Nan lannwit 29 fevriye pou rive premye mars 2024, bandi rantrè nan stad Sylvio Cator. Depi lè sa pou rive 3 mas 2024, bandi yo sakaje espas la. Anpil machin ak treto ti machann ki te ozalantou stad la pase anba flanm dife.

12. Premye mas 2024, bandi piye makèt La Province ki nan ri antèman ak ri Osva Diran. Yon lòt bò, bandi mete dife nan biwo Santral OAVCT nan zòn Taba. Soti premye pou rive 3 mas 2024, bandi piye *Sun auto* ki nan Taba.

13. 2 mas 2024, bandi sakaje ministè Kilti ak Kominikasyon epi kèk tan apre manm popilasyon an ki t ap kouri pou bandi vin anvayi espas la. Nan lannwit 2 pou rive 3 mas 2024, bandi boule Tribinal depè Kwadèboukè a epi pwofite sakaje kèk bank tankou BNC, Sogebank ak Unibank.

14. Nan dat 3 mas 2024, bandi sakaje lopital *Saint François de Sales* ki twouve li nan ri Lantèman. Epi tou bandi sakaje lokal *MSC plus* nan dat 4 mas 2024 la nan Taba.

15. Gen pou pi piti 9 komisarya ki sibi zak piyaj, ki kraze ouswa ki pase anba flanm dife bandi :

- Sou komisarya Pòtay Lewogàn ak Bonrepo boule nan dat 29 fevriye 2024 ;
- Premye mas 2024, bandi atake komisarya Wanament lan ak sou komisarya Dèlma 3. Polisye Wanament yo te rive repouse bandi yo alòske komisarya dèlma 3 a boule;
- Jou ki te 2 mas 2024 la, bandi sakaje epi boule Sou Komisarya Kwadèboukè a ak sou komisarya Kazo a;
- 3 mas 2024, bandi boule komisarya Kabarè a;
- Nan lannwit 4 mas 2024, bandi boule sou komisarya Kafou Ayopò a ak antèn polis ki anba Mòn Kabrit la.

16. 29 fevriye 2024, bandi Vitelòm kraze yon pati nan kloti Akademi Nasyonal Polis la. Nan dat 5 mas 2024, yo retounen vin atake lekòl polis la ankò.

17. Nan menm peryòd sila a, gen 2 prizon sivil ki kraze ak kèk moun ki te nan Gadavi ki rive sove. Nan dat 2 mas 2024, pifò prizonye nan penitansye sove rete sèlman 99 prizonye sou yon total 3.687 prizonye. Menm sware sa, tout 1.036 prizonye ki te nan prizon sivil Kwadèboukè a sove kite prizon an. Nan lannwit 3 mas 2024, gen 6 polisye ki te nan gadavi nan komisarya Dèlma 33 ki rive chape poul yo.

18. Ayopò entènasyonal Touden Louvèti ak Ayewoga Gi Malari sibi gwo atak pandan jou sa yo. 29 janvyè 2024, bandi krible ak katouch Ayewoga Gi Malari a kote yon polisye, ajan I ki soti nan ventuityèm pwomosyon, resevwa 3 katouch nan do l. Anpil vit kraze ak bal epi

gen 2 avyon *Sunrise Airways* ki resevwa katouch. Yo rive konstate 23 enpak bal pami yo 7 nan sal datant ayewoga a. Menm jou a gen yon avyon ki soti Kiba ki resevwa yon katouch sou pis ayopò a.

19. Jou ki te 2 mas 2024 la, bandi simen latwoublay ozalantou Ayopò entènasyonal Touden Louvèti a epi pase plizyè tan ap tire. Yon fwa ankò, gen yon lòt avyon *Sunrise Airways* ki pran 3 bal. Nan apredmen 4 mas 2024, bandi yo tire sou ayopò a epi tante rantre ladan l'.

20. Depi 29 fevriye 2024, tout enstitisyon leta yo pa fonksyone. Depi 2 mas 2024, polisye yo pa prezan nan kèk komin nan depatman lwès la. Epi nan dat 3 mas 2024, gouvènman de fakto Ariel Henry a deklare eta dijans sou depatman lwès peyi a ak kouvrefe pou yon peryòd 3 jou renouvlab.

21. RNDDH rive jwenn 21 enstitisyon ki sibi zak piyaj oubyen ki boule. Sitiyasyon laperèz sila pouse anpil fanmi kouri kite lakay yo pou al refijye yo lòt kote. Domaj, otorite yo pa pran ankenn desizyon pou pwoteje popilasyon an. RNDDH kwè lòd pa p janm ka tounen nan peyi a si bandi yo toujou gen tout pouvwa sa, si responsab yo nan lapolis la toujou nan konkonbrèt ak bandi yo ak si zotobre lajistis ak politik nan peyi a kontinye ap pwoteje yo.

22. RNDDH regrèt polisye yo abandone lari a, paske menm lè yo pa ka pote sekou bay popilasyon an, prezans yo jwe yon wòl enpòtan nan fè lapè tounen epi anpeche vye zak fèt. Jounen jodia, tout bagay klè devan je nou. Pa gen otorite, tout kwen nan Pòtoprens lage bay bandi.

23. Boutofen, RNDDH mande pou tout sektè nan peyi a mete yon gouvènman k ap pwoteje dwa moun, ki gen ladan l fanm ak gason ki dwat, ki gen kapasite k ap angaje pou yo :

- Fè enstitisyon Leta yo mache ;
- Fè tout sa ki posib pou reprann kontwòl peyi a ;
- Arete yon lòt fwa ankò tout prizonye ki sove yo;
- Mennen ankèt pou konnen sa ki lakoz prizon Pòtoprens ak prizon Kwadèboukè yo kraze;
- Mennen ankèt sou polisye ki te nan izolman nan komisarya Dèlma 33 ki sove yo ;
- Arete, jije epi kondane tout sila yo ki gen men yo tranpe nan atak ki fèt sou komisarya ak prizon yo;
- Kraze tout gang epi arete, jije, kondane yo;
- Revoke tout responsab nan tèt lapolis la epi trennen yo devan lajistis paske yo pa t fè anyen pou anpeche zak vyolans sa yo nan peyi a, ki vin pi grav apre 2 prizon yo fin kraze a.